

Tou fanm ki nan Abri an Ijans (EA) sa a dwe fè yon verifikasyon antesedan kriminèl (CORI)

Kisa yon verifikasyon CORI ye?

Yon tchèk CORI se yon verifikasyon antedesdan. Li gade pou wé si w gen yon istwa kriminèl oswa akizasyon kriminèl annatant nan Massachusetts. Sèvis Enfòmasyon Depatman Jistis Kriminèl (DCJIS) se ajans Massachusetts ki kolekte epi jere istwa kriminèl.

Kiyès ki dwe fè yon verifikasyon CORI ?

Tout manm nan fanmi yo ki gen 18 an oswa pi plis dwe fè yon verifikasyon antedesdan CORI pou yo kalifye pou Asistans an Ijans EA. Sa a valab pou fanmi k ap:

- Aplike pou Abri Familyal EA ;
- Sou lis kontak pou Abri Familyal EA; ansanm ak
- moun ki gentan nan Abri Familyal EA a.

Poukisa fanmi yo dwe gen yon verifikasyon CORI?

Yon nouvo lwa rekòmande pou fè verifikasyon CORI . Nou vle Abri Familyal EA yo pi an sekirite pou fanmi yo. Yon verifikasyon CORI epi pataje verifikasyon antedesdan kriminèl ou kenbe fanmi ki nan abri a an sekirite.

Kisa mwen dwe fè pou yon verifikasyon CORI

Pou w siyen fòm konsantman CORI a, ou dwe:

- Bay non w, dat nesans ou, ak (si disponib) dènye 6 chif Nimewo Sekirite Sosyal ou.
- Bay prèv idantite w. W ap jwenn plis enfòmasyon sou sa nan do feyè sa a ak sou entènèt.
- Siyen epi mete dat nan fòm nan.

Kisa k ap pase si m refize oswa si m pa ka fè yon verifikasyon CORI ?

Si w pa siyen fòm konsantman CORI a, y ap refize w oswa retire w nan EA a. (Gade do fèy la pou plis enfòmasyon).

Aprann plis sou verifikasyon CORI nan
www.mass.gov/applyforea oswa itilize kòd QR sa a:



Kisa m ka itilize kòm idantifikasyon pou yon verifikasiyon CORI ?

N ap aksepte yon pyès idantifikasyon gouvènman an te ba w. Sa a enkli, pa egzanp:

- Yon paspò Etazini oswa nenpòt Lòt peyi etranje te ba w
- Yon kat idantifikasyon gouvènman an ba w ki gen foto w, tankou yon lisans pou kondwi;
- Yon kat rezidans pèmanan gouvènman Etazini an te ba w;
- Yon kat idantifikasyon militè gouvènman Etazini an te ba w;
- Dokiman Tribi Ameriken Endyen; epi
- Lòt fòm dokiman j ke DCJIS aksepte.

E si m pa fin asire m si y ap aksepte dokiman idantifikasyon m nan?

Si ou pa genyen okenn nan fòm idantifikasyon gouvènman an bay yo ki ekri anwo a, EOHLCL pral revize lòt dokiman idantite ou genyen yo dosye pa dosye pou detèmine si yo ka aksepte yo.

Ak kiyès mwen dwe pale si m gen kesyon?



Mande Homeless Coordinator la pou plis enfòmasyon sou ki dokiman nou aksepte. Yon Homeless Coordinator se moun ki soti nan eta a ki ede w aplike nan EA. Rele (866) 584-0653 8 a.m. – 5p.m. Lendi jiska Vandredi. Yon reprezantan sant apèl ap refere w bay Homeless Coordinator

E sim genyen yon dosye kriminèl oswa mwen gen yon chaj dosye kriminèl ki ankou?

Kèk krim ap fè yon moun pa kalifye pou pwogram EA. Yo ka refize w abri. Nan kèk sitiayson, yo ka pèmèt moun la nan abri a men mete restriksyon sou kote yo mete yo.

Kijan m ap fè konnen si verifikasiyon CORI mwen fè enpak sou kalifikasyon m pou EA ?

Anvan EOHLCL pran aksyon akòz dosye kriminèl ou a, n ap di w davans epi n ap ba w:

- Yon Avi sou aksyon negatif (dokiman ki fè w konnen n ap pran aksyon);
- Yon kopi dosye COR ou a; epi
- Enfòmasyon sou fason ou ka mande DCJIS korije COR ou a.

